



*Sant Sante ak Byennèt ki baze nan lekòl Ponus/Concord Magnet*



Norwalk  
Community  
Health Center

## Byenveni nan Ponus/CMS Health ak Sant Byennèt

Yon kolaborasyon ant Ponus, Lekol Concord Magnet, ak Sant Sante Kominote Norwalk.

**Ansann avèk ou ak Doktè Prensipal pitit ou, nou pral travay pou kenbe pitit ou an sante ak nan lekòl. Si pitit ou pa genyen yon Doktè oswa founisè prensipal, nou ka ede w jwenn youn.**

Nou envite w chwazi tout sèvis pitit ou kapab bezwen pandan ane yo nan Ponus/CMS.

- Konsey konpotman (endividyel, fanmi, ak gwoup)
- Jesyon maladi kwonik (tankou opresyon, eczema) si NCHC se Founisè Swen Prensipal ou
- Edikasyon sante/rediksyon risk
- Entevansyon kriz ak prevansyon swisid
- Nitrisyon/jesyon pwa
- Fizik (espo, lekòl, oswa anvan travay)
- Egzamen Sante
- Vaksinasyon
- Dyagnostik ak tretman pou maladi ki pa grav/blese
- Sevis Didaktik Kont Entimidasyon

**If you or your child's pediatrician have questions, need more information, or want to sign up for Ponus/CMS Health & Wellness Center Services, contact us.**

- 203.847.3557, ext. 17017
- 888.571.5871 (Fax)
- <https://norwalkchc.org/sbhc>



**Nou atan pou  
nou sèvi bezwen swen  
sante lekòl pitit ou.**

**Nan Ponus/CMS Sant Sante ak Byennèt  
nou an, yon Pratisyen Enfimye oswa yon  
Doktè Asistan, yon Travayè Sosyal klinik  
ki gen lisans/Konseye Pwofesyonèl ki gen  
lisans nan Sante Mantal, ak yon Sikyat ap  
disponib pou timoun ou pandan jounen  
lekòl la.**

## **Byenveni nan Norwalk Community Health Center.**

Depi 1999, jenerasyon gason ak fanm atravè Fairfield County ak lòt bò yo te konfyè swen sante yo ak byennèt pitit ak fanmi yo nan men nou. Nou pran konfyans sa – ak sante ou– seryezman. **Norwalk Community Health Center klase pami pi gwo sant sante kominote nan nasyon an.** Nou dedye pou nou kenbe bon jan kalite swen nou bay pasyan nou yo – soti nan tibebe ki fenk fèt rive nan granmoun aje – ki anrichi lavi yo nan chak etap epi mennen kominote nou an nan reyalize pi bon sante posib.

## **Norwalk Community Health Center Sèvis yo enkli:**

- Referans bay espesyalis/resous kominotè yo lè li nesèsè
- Kowòdinasyon ak Norwalk Community Health Center ekip Dantè, Sante Mantal ak telepsikyatri, Pedyatri, Medsin Entèn, ak ekip Sante Fanm.
- Sou sit Famasi ak laboratwa

*Sant Sante Kominotè Norwalk evalye pa US Sante Resous ak Sèvis Administrasyon nan tèt 10% nan tout sant sante atravè peyi a pou bon jan kalite swen. Plis pase 12,000 gason, fanm ak timoun konfyè swen medikal yo, swen dantè, ak sante mantal nan men nou. E nou pa vire do bay pèsonn akòz sityasyon oswa kapasite pou peye.*

## **Norwalk Community Health Center, Inc.**

120 Connecticut Avenue • Norwalk, CT 06854

203.899.1770

203.851.1000 ( randevou)

203.851.1008 (Sante mantal)

[www.norwalkchc.org](http://www.norwalkchc.org)

